

Serat katoer ing ngarsanipoen Parentah Kawadanan
Santana

Kadipaten Pakoealaman.

Noewoen, njekapi kitir dawoeh katiti kaping 27 September
1937, bab lampah matedakaken paringdalem djadjaran dateng la-
jonipoen Bandara Raden Ajoe SOORJOKOESOEMO, kawoela ngatoeraken
pratelan, bilih dawoeh wahoe sampoem kawigatosaken mitoeroet
pranatan adeg adeg II bab II inggih poenika:

Tjatjahing djadjaran 48 idji.

Prabot pangirit 2 mangangge tjemeng.

Tindih wadana 1 ,, ,,

Wondene ingkang nampi paringdalem djadjaran poenika pan-
djenenganipoen Raden Mas Toemenggoeng SOORJOSOEWARTO, oendjoeki
poen sewoe sembah noewoen.

Makaten malih bab toemindaking pandamelan oegi netepi pra-
natan namoeng doemoegi kikis kita, namoeng radi nglodjok sake-
dik doemoegi doesoen Taoenan, poenika margi saking parloe nje-
kapi panbewoenipoen waris.

Ing wasana saladjengipoen koendjoek Ing Sahandap Sampejan-
dalem Kangdjeng Goesti, kawoela noewoen soemonga.

Pakoealaman, kaping 29 September 1937.

Abdidalem wadana golongan

Soem
Soesocodotm